



Commission on
Human Rights

Mayor's Office of
Immigrant Affairs

Kreyòl Ayisyen | Haitian Creole

Imigran ak Dwa Moun nan Vil Nouyòk nan travay ak lakay



TOUT MOUN NOUYÒK merite enpasyalite ak respè nan espas travay yo ak lè y ap chèche oswa lwe yon apatman. Si yon patwon oswa yon mèt kay trete ou yon fason diferan akòz peyi kote ou soti, sityasyon imigrasyon ou, kwayans relijye ou, oswa fason ou pale, rele **212-416-0197**.

PATWON YO pa kapab:

- Peye travayè yo pi piti salè oswa pa peye yo ditou akòz sityasyon imigrasyon yo
- Asele travayè yo oswa pase yo nan tenten akòz nasyonalite yo, kwayans relijye yo oswa abiman yo, fason yo pale, oswa sityasyon imigrasyon yo
- Pini travayè yo poutèt yo pale lang natifnatal yo
- Menase travayè yo pou rele lapolis akòz sityasyon imigrasyon yo
- Refize anboche yon moun akòz nasyonalite yo, kwayans relijye yo, abiman yo oswa fason yo pale

MÈT KAY YO pa kapab:

- Refize lwe yon apatman ba yon moun akòz sityasyon imigrasyon moun nan, nasyonalite li, oswa relijyon li
- Pibliye anons ki endike sèten kalite lokatè, tankou imigran oswa moun ki soti nan sèten peyi, pa akeyi
- Pa fè reparasyon kòm sadwa oswa pa bay sèvis legal pou lokatè yo akòz sityasyon imigrasyon yo, nasyonalite yo, oswa kwayans relijye yo

Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa ou, tanpri rele **212-416-0197** oswa ale sou sitwèb **NYC.gov/HumanRights** ak **NYC.gov/Immigrant**